



Pou Piblikasyon Imedya: 25/09/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 85 MILYON DOLA POU AMELYORE
PWOCHÈN JENERASYON 911 LAN**

***911 dijital pwochèn jenerasyon ki baze sou pwotokòl entènèt la pral ranplase
enfrastrikti 911 analogik la, pou amelyore siksè ak fyabilite sèvis 911 lan***

***Tout konte ki pa nan vil Nouyòk ap resevwa omwen 1 milyon dola atravè
pwogram sibvansyon ki pa konpetitif la***

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a ke yo te aloke 85 milyon dola nan sibvansyon pou Pwen Repons Sekirite Piblik (Public Safety Answering Points, PSAPs) prensipal nan nivo konte yo ak sant backup PSAP prensipal yo pou prepare yo pou aplikasyon Pwochen Jenerasyon 911 (NG911) nan 57 konte atravè eta a. Pwogram Sibvansyon NG911 la gen pou objektif pou sipòte ekipman pou jere apèl, ki gen ladan entèfas ak aplikasyon lojisyèl ki nesèsè pou ajans yo resevwa epi trete ensidan yo, ak objektif pou ogmante kapasite nan tout eta a pou aksepte apèl NG911 yo, an akò avèk estanda i3 Asosyasyon Nasyonal Nimewo Ijans (National Emergency Number Association, NENA). Tout konte ki kalifye yo te resevwa yon montan debaz 1 milyon dola nan finansman epi yo te asiye rès lajan an selon popilasyon an.

"Sekirite piblik se priyorite nimewo en mwen, e sa vle di asire ke nou gen teknoloji ak ekipman an plas pou sipòte premye sekouris nou yo ak repons rapid yo nan sitiasyon ijans", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman sa yo pral asire ke sistèm 911 nou yo ap fonksyone efektivman epi avèk efikasite lè nenpòt moun nan Nouyòk mande asistans ijans nan moman yo bezwen li."

Nan mwa janvyè, [Gouvènè Hochul te akòde 55 milyon dola nan tout eta a pou amelyore sistèm kominikasyon ijans yo](#), ki gen ladan 10 milyon dola ki te akòde anba Pwogram Sibvansyon Pwen Repons Sekirite Piblik la, ki te ankouraje devlopman teknoloji NG911 yo ak done Sistèm Enfòmasyon Jewografik (Geographic Information System, GIS) ki nesèsè pou NG911.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) lan, Jackie Bray, te deklare, "Gouvènè Hochul konprann ke sistèm 911 nou yo esansyèl pandan nenpòt ijans, epi finansman sibvansyon sa a pral ede kominote Nouyòk yo atravè eta a prepare pou aplike NG911.

Pwofesyonèl ki pran apèl ijans yo epi ki voye sekouris yo se premye liy asistans nou an epi finansman sa a pral ede sipòte yo ak nouvo ekipman ak lojisyèl pou ogmante kapasite yo."

Stephen J. Acquario, Direktè Egzekitif Asosyasyon Konte Eta Nouyòk yo, te deklare, "Tranzisyon an nan teknoloji 911 Pwochen Jenerasyon an pral amelyore anpil kapasite konte nou yo pou reponn rapidman e efektivman ak ijans yo. Angajman 85 milyon dola sa a asire ke konte Nouyòk ka aplike enfrastrikti dijital ki nesèsè pou amelyore tan repons yo, amelyore presizyon lokalizasyon moun k ap rele a, epi finalman sove plis lavi. Nou apresye lidèchip kontinyèl Gouvènè Hochul nan prepare eta nou an pou avni komunikasyon ijans yo."

Sibvansyon NG911 yo te akòde jodi a se:

Konte	Kantite Lajan ki te Akòde	Konte	Kantite Lajan ki te Akòde
Albany	\$1,639,396	Oneida	\$1,639,396
Allegany	\$1,266,796	Onondaga	\$1,639,396
Broome	\$1,639,396	Ontario	\$1,515,197
Cattaraugus	\$1,515,197	Orange	\$1,639,396
Cayuga	\$1,515,197	Orleans	\$1,266,796
Chautauqua	\$1,515,197	Oswego	\$1,515,197
Chemung	\$1,515,197	Otsego	\$1,266,796
Chenango	\$1,266,796	Putnam	\$1,515,197
Clinton	\$1,515,197	Rensselaer	\$1,639,396
Columbia	\$1,515,197	Rockland	\$1,639,396
Cortland	\$1,266,796	Saratoga	\$1,639,396
Delaware	\$1,266,796	Schenectady	\$1,639,396
Dutchess	\$1,639,396	Schoharie	\$1,266,796
Erie	\$1,937,477	Schuyler	\$1,266,796
Essex	\$1,266,796	Seneca	\$1,266,796
Franklin	\$1,266,796	St. Lawrence	\$1,515,197
Fulton	\$1,266,796	Steuben	\$1,515,197
Genesee	\$1,266,796	Suffolk	\$1,937,477
Greene	\$1,266,796	Sullivan	\$1,515,197
Hamilton	\$1,266,796	Tioga	\$1,266,796
Herkimer	\$1,515,197	Tompkins	\$1,515,197
Jefferson	\$1,515,197	Ulster	\$1,639,396
Lewis	\$1,266,796	Warren	\$1,515,197
Livingston	\$1,515,197	Washington	\$1,515,197
Madison	\$1,515,197	Wayne	\$1,515,197
Monroe	\$1,937,477	Westchester	\$1,937,477
Montgomery	\$1,266,796	Wyoming	\$1,266,796

Nassau	\$1,937,477	Yates	\$1,266,796
Niagara	\$1,639,396		

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta a

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook DHSES la](#), swiv [@NYSDHSES sou X](#) oswa ale sou dhses.ny.gov.

Resevwa mesaj tèks alèt ijans ak meteyo an tan reyèl dirèkteman sou telefòn ou. Voye yon mesaj tèks ak non konte oswa katye ou rete a nan 333111 pou enskri kounye a. Aprann plis sou dhses.ny.gov/emergency-alerts.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)